# Районное методическое объединение педагогов – организаторов

# М Б Д О У №1 « Нальмес»

# КОНСПЕКТ НОД

**«Формирование у детей дошкольного возраста чувства национальной гордости при изучении родного языка, культуры, обычаев и традиции»**

***Педагог – организатор***

***Дербе М. Н.***

# Тема:«Формирование у детей дошкольного возраста чувства национальной гордости при изучении родного языка, культуры, обычаев и традиции»

***Цель***:
Приобщение детей к культурному наследию, духовным ценностям народов.
***Задачи*:**

- Формировать у подрастающего поколения чувства национальной гордости за родной язык, культуру, обычаи.
- Углублять знаний об истории, традициях и культуре народов.
- Развивать у детей творческую познавательную активность, любознательность, стремление к самостоятельному познанию и размышлению.
- Знакомство с адыгейскими народными играми.
- Приобщение детей другой национальности к адыгской культуре, традициям, обычаям.

***Интеграция образовательных областей***: Познание. Художественное творчество. Коммуникация. Чтение художественной литературы. Музыка. Социализация.

**Программнэ пшъэрылъхэр:** зыщыпсэухэрэ хэкум ехьыл1агъэу нахь куоу ягъэш1эгъэн; ц1ыф лъэпкъ зэфэшъхьафэу исхэр зэрэзэдэпсэухэрэр, зэкъошыныгъэу ахэлъыр агурыгъэ1огъэн;шэн – хэбзэ дахэу адыгэмэ ахэлъыр ягъэш1эгъэн; адыгабзэр ш1у ягъэлъэгъугъэн, ягъэлъытэгъэн ;адыгэ джэгук1эмэ нэ1уасэ афэш1ыгъэных.

**Нэрылъэгъу 1эпы1эгъухэр:** Россиемрэ Адыгеемрэ ябыракъхэр, 1анэ лъэкъуищ, нысхъап, лэджэн, кушъэ.

**Гущы1эр, гущы1э гъэфедак1эхэр:** Хьамышхут1, дышъэ, кушъэ, зэкъошыныгъ, яжьэ.

***(звучит музыка, бабушка сидит месит тесто, дети заходят )***



**Нана:** Шъукъак1у, шъукъак1у к1элэц1ык1ухэр, шъукъеблагъэх. Сыдэу дэгъоу шъуш1агъэ шъукъызэрэк1уагъэр. Хьак1эхэр тэ тик1асэх. Тыдэ шъукъик1ра к1элэц1ык1ухэр?

**К1элэц1ык1ухэр:** Тэ к1элэц1ык1у 1ыгъып1эу «Нальмэс» тыкъик1ыгъ.

**Нана:** К1элэц1ык1у 1ыгъып1эу «Нальмэс» ар тыдрэ къуаджа зыдэтыр?

**К1элэц1ык1ухэр:** Къуаджэу Тэхъутэмыкъуай.
**Нана:**Сыда ыц1эр хэкоу шъузыщыпсэурэр?

**К1элэц1ык1ухэр:** Хэкоу тызыщыпсэурэм ыц1эр Адыгея.

**Нана:** Сэри хэкоу сызыщыпсэурэр Адыгеир ары. Ащ идэхагъэ тежъугъэплъ.

**(включается видеозапись про достопримечательности Адыгеи)**

Адэ шъош1а хэкоу шъузыщыпсэурэм ц1ыф лъэпкъ зэфэшъхьафэу исыхэр.

**К1элэц1ык1ухэр:** Ары1 адыги, урыси, ермэли, греки,….

**Нана:**Тэрэз шъук1элэ дэгъух. Ц1ыф лъэпкъ пэпчъ ыбзэ ш1у елъэгъу,егъэлъап1э.Сыд фэда бзэу шъо шъу1улъыр?

**К1элэц1ык1ухэр:** Тэ тыбзэ адыгабзэ.

**Нана:** Ц1ыф лъэпкъ пэпчъ шэн- хэбзэ зэхэтык1эхэр, усак1охэр,усэхэр, пшысэхэр, къэшъок1э дахэхэр и1эх. Ц1ыф лъэпкъ зэфэшъхьафыбэ тихэку ис. Тихэк1у исхэр зэк1э зэдэ1ужьхэу, зэгур1охэу, ш1у зэрэлъэгъоу, зэкъошхэу зэхэтых. К1элэц1ык1ухэр шъо шъуикупк1э шъуззэдэ1ужьэу, шъуззэгуры1оу шъуззэдыщы1эха? Зэкъошэу шъуззэхэтха?

**К1элэц1ык1ухэр:** Тэ зэкъошэу тызэхэт.

**Нана:** Зэкъошыныгъэм ехьыл1гъэу орэд шъош1а?

**К1элэц1ык1ухэр:** Тэш1э.

**Орэдэу «Лестница»** къа1о.

**Нана:** Адэ адыгэ усак1омэ аусыгъэ усэ ц1ык1ухэр шъош1эха? Хэт къы1ощт?

**(К1элэц1ык1ухэр усэмэ къяджэх)**







**Нэхэе Руслъан**

**Уадыгэмэ,**

**Адыгэ па1о зигъа1,**

**Хьак1эми «къеблагъ» я1у**

**Уа1ук1эмэ.**

**У1адыгэмэ,**

**Адыгэгъэ- ц1ыфыгъэм рыщы1,**

**Адыгабзэк1и дахэу гущы1**

**Ущэ1эфэ**

# Сихэку ц1ык1уми

**Нэхэе Руслъан**

**Сихэку ц1ык1уми-**

**Ины и1офхэр,**

**Исыр мыбэшхоми,**

**Лъэшы иц1ыфхэр.**





# Адыгэ 1ан

**Адыгэ 1анэр лъэкъуищ**

**Ищгъу-п1астэ 1эш1у (хьалэл)**

**Урагъэблагъэмэ пэт1ысхь,**

**Ухьак1эми ар уиныбджэгъу.**

**Хъурай адыгэ 1анэр,**

**Ты1офэ зэрэунагъоу.**

**Нана:** Непэ хьэк1абэ  мэшэлахьэу къытфэк1уагъ, щэламэ къышъуфязгъэжъэн.

(*звучит музыка заходит хъуаджэ*)

**Хъуаджэ:** Шъуипчэдыжьш1у к1элэц1ык1ухэр. К1элэц1ык1у 1ыгъып1эу «Нальмэсым» къик1ыхи к1элэц1ык1ухэр къэк1уагъэхэу зэхэсхыгъэти, зэзгъэлъэгъуных т1эк1у садэджэгун с1уи сыкъэк1уагъ.

К1элэц1ык1ухэр адыгэ джэгук1эхэр шъош1эха?

**К1элэц1ык1ухэр:** Тэш1э. «Къангъэбылъ», «Хьакургъачъ», «Шыгъачъ», «Тхьак1умфау» «Пэ1ок1адз»…..

**Хъуаджэ:** К1элэц1ык1ухэр адыгэ джэгук1эу «Пэ1ок1адз» зыфи1орэмк1э тыжъугъэджэгу.



**Игра «Пэ1ок1адз»**

***(Пока дети играют в народные игры, слышится плач ребёнка)***

**Нана:** К1элэц1ыкухэр, зэ тыжъугъэда1у, к1элэц1ык1у гъы макъэ къэ1умэ сш1эрэп.

**Нысэ** А нан дах к1элэц1ык1ур зэ1унэрэп сыд есш1эщт?

**Нана:** Ар зыфаер сэ сэш1э, ичъыегъу къэсыгъэшъ ары. Мары дгъэпк1ынышъ кушъэм хэтпхэт.

**(Проводится обряд купания ребёнка, который сопровождается словами )**



**Нана:** Апэу к1элэц1ык1ур зыгъэпк1ыщтыгъэр «мамыкур» ары. Ащ къик1ырэр «ш1у зыгу илъ бзыльфыгъ» - добрая женщина. Сыдэущтэу агъэпк1ыщтыгъа?

**К1элэц1ык1ухэр:** Нан, тэри тыкъыбде1э хъущта?

**Нана:** Дэгъуба, о псыр къигъахьу,о яжьэр къыхэтакъу, о дышъэр къыхадз,зэк1эхэмк1и шъукъызде1. Тыжьын лэджэным псы чъы1э рагъахъоти, яжьэ (зола) халъхьэтыгъ, дышъэ халъхьэтыгъ. Псы чъы1эмрэ яжьэмрэ къарык1ыщтыгъэр чъы1эм щымыщтэнэу ары, дышъэр зык1ыхалъхьэщтыгъэр насыпаш1оу, гъэш1эк1ыхьэ хъунэу ары.Агъэпк1ы зыхъук1э къыфа1ощтыгъэ мыщ фэдэ гущы1эхэр.

**1эц1ык1ухэр шъабэхэу**

**Лъэкъо ц1ык1ухэр пытэхэу,**

**Ышъхьэ ц1ык1у хъураеу,**

**Ынапцэхэр тетхыхьагъэу,**

**Ыпэ ц1ык1у пэт1ыракъэу**

**Псаунығъэ пытэ уи1эу,**

**Тхьам укъегъэхъу.**

Ащ ыуж к1элэц1ык1ур к1элэц1ык1у к1элъын шъабэм к1оц1ащэхьы, алъэк1ы, дэгъоу агъэгъушъы, цыгъо джанэ щалъэ. Цыгъо джанэм к1адэщтыгъэп, к1элэц1ык1ум ищы1эныгъэ к1ако мыхъунэу.

**Нана:** А 1энасын, а 1энасын, к1элэц1ык1ум ицыгъо джанэ дгъэхьазырыгъэп. Шъукъызде1эна?

**К1элэц1ык1ухэр:** Ары тэ мары къэдгъэхьзырыщт цыгъо джанэр.***( дети делают рубашку из бумаги с адыгейским орнаментом и дарят бабушке***



***)***

**Нана:** Сыдэу цыгъо джэнэ дэхабэ къыфэшъуш1ыгъ. Шъо джэнэ ц1ык1ухэр тхылъып1эм хэшъуш1ык1ыгъ. Марина Заурбиевнэм шэк1 шъэбэ ц1ык1м

хиш1ык1ыгъ. Шъори ины шъухъумэ шэк1 шъабэм хэшъуш1ык1ыщтых, джыри шъуц1ык1ушъ тхылъып1эм хэшъуш1ык1ыгъ. К1элэц1ык1ум шэк1 шъэбэ ц1ык1ум хэш1ык1ыгъэ цыгъо джанэр щытлъэн. Тхьашъоегъэпсэух.

**Нана:** К1элэц1ык1ур къызыхъугъэр тхьамафит1у зыхъук1э кушъэхапхэ аш1ыщтыгъ.Кушъэр хаш1ык1ыщтыгъ хьамышхут1э чъыгым. Хьамышхут1э чъыгыр анахь пытэу, анахь насыпыш1о чъыгэу алъытэщтыгъэ. Кушъэм апэу чэтыур рагъэ1ыстэтыгъ чъые 1эш1у и1энэу, к1энк1э ралъхьэщтыгъ игъэш1э нэфынэнэу.   Нэбзаджэ темыфэнэу кушъэм дэжь агъэуцущтыгъ псы дыуахь теш1ык1ыгъэу, ащ к1энк1э хагъэ1ыстэщтыгъ, ц1ыф бзаджэ къек1угъэ хъумэ к1энк1эр чэщтыгъэ. Джащ пайк1э къихьэрэмэ зэк1эми а1э псым хагъаоти к1элэц1ык1ум ынат1э щафэщтыгъэ.К1элэц1ык1ур кушъэм хапхэ зыхъук1э хъохъу гущы1эхэр къыфа1ощтыгъ.

К1элэц1ык1ум хъохъу  гущы1эхэр къыфэс1ощт.

**Дунэе нэфым зафэу укъытехь,**

**Узхэты ц1ыфхэм пащэу уафэхъу,**

**Ины узыхъук1э уянэ ш1у фаш1!**

***( псым щыщ ынэгушъо щефэ)***



Хэты к1элэц1ык1ум хъохъу гущы1эхэр къыфи1о шъ1оигъу?

**К1элэц1ык1ухэр:** Сэры сэры.

**1 ребёнок:** Гъуч1ыпсэуПсэ пытэу,

Бэгъаш1эу,

Гъэш1э к1ыхьэу тхьэ  уеш1.

**2 ребёнок:** Цызэм фэдэу зигъазэу,

Къазым фэдэу 1ушъабэу,

1ушъабэу, шъэбэрык1оу,

Гущык1оу тхьэ еш1

**Нана:**Тик1элэц1ык1у пытэу, дэгъоу чъыеным пае орэд ц1ык1у къыфэтэжъугъа1у.

**(Все поют колыбельную песню)**

Чъые, чъые ц1ык1ужъый,

Чъые, чъые дэхэжъый.

**Нысэ:** Нан дах сабый ц1ык1ур хэчъыягъэмэ тэ тик1элэц1ык1уми зятэгъэпсэф.

**(педагог- психолог проводит релаксацию)**

Сик1элэ ц1ык1ухэр, синэфхэр,

Сифыжьыбзэхэр сэсый.

Чъыгы шъхьапэр гупсэф,

Мэзэ нэфри мэчъый.

Чъые, чъые, си1уб,

Орэд шъаби къерэщх.

Чэщ мэзагъом хэ1уб,

Жъуагъор п1упэу чъыежь.

Сисабыихэр, сидахэхэр,

Дахэу щылъри сипшъашъ

Кушъэ нат1эр мэзах,

Умыбзаджэу быяу.

Дэхэ дэдэр сипшыс,

Пшысэ нэфри орэд.

Орэд къас1оу сыщыс,

Тым ищыси пхэрэт.

**(Дети встают)**

**Нана:** К1элэц1ык1ури къэущыжьыгъ, тыжъугъэчэфых, тизэхахьэ ижъырэ къэшъо дахэк1э тэжъугъэух. **«Удж хъурай**



**»**

**Непэ тизэхахьэ сыда анахь шъугу рихьыгъэр?**

**Ответы детей.**

К1элэц1ык1ухэр шъукъеш1эу, шъочэфыфэ щэламэхэр къагъэжъагъэх. К1элэц1ык1ухэр мы щаламэхэр группэм шъузык1ожк1э шъушхы , мыдрэр тихьак1эмэ апай.



**Хъярк1э.**